Dwadotè 2026, Depatman Administrasyon Resous Imèn Vil New York/Depatman Sèvis Sosyal (The City of New York Human Resources Administration/Department of Social Services). Pou ou jwenn otorizasyon pou repwodwi tout oswa yon pati nan dokiman sa a, kontakte Administrasyon Resous Imèn

Department of Social Services

SÈVIS ESPESYAL

Èd pou Peye Depans Fineray

BRC-1048 (HC) 05/2026
(E) Rev. 04/2026

Èd pou Antèman

Biwo Sèvis Antèman HRA (Office of Burial Services, OBS) ka bay èd finansyè pou ede w peye depans fineray yo pou yon rezidan nan Vil New York ki pa t gen gwo revni ki mouri. Sa a ka aplikab pou swa depans fineray ki te deja peye, oswa apwobasyon alavans pou depans yon fineray ki planifye.

Kisa ki ka Garanti

OBS ka peye jiska $1,700 pou depans pou bòdwo fineray pou dispozisyon final yon moun ki mouri (ki gen ladann antèman, ensinerasyon oswa antere san kremasyon) pou fanmi, zanmi, zanmi òganizasyon an oswa reprezantan otorize moun ki mouri a.

Nan ka fakti antèman an depase limit $ 3400 a, y ap pran nan fakti total la depans teren antèman an, ouvèti kavo a, oswa ensinerasyon an ak kote fakti ki rete a mwens pase $ 3400 y ap apwouve yon alokasyon pou antèman.

Kalifikasyon

Yon alokasyon pou antèman ka disponib pou peye antèman yon Nouyòkè ki pa t gen gwo revni san resous oswa byen ki disponib pou kouvri depans lan.

Pou detèmine kalifikasyon an, yo dwe soumèt yon aplikasyon epi OBS ap evalye sikonstans endividyèl chak ka yo.

Pou Aplike

Moun k ap aplike a ki responsab pou aranjman fineray yo oswa reprezantan li a dwe ranpli yon aplikasyon nan **sanven (120) jou** soti nan dat lanmò moun ki mouri a ak Biwo Sèvis Antèman (Office of Burial Services).

Aplike sou entènèt se fason ki pi fasil pou aplike pou Asistans Antèman. Apre yon kesyonè pre-evalyasyon rapid, ou ka ranpli aplikasyon an sou entènèt. Ou ka antre enfòmasyon aplikasyon an dirèkteman sou fòm ki disponib sou sit entènèt la. Pòtal Asistans Antèman an pèmèt ou soumèt dokiman epi swiv estati aplikasyon ou a nenpòt ki lè.

Ou ka soumèt Aplikasyon w lan:

Aplike sou Entènèt

Aplikasyon an ka soumèt sou entènèt nan nyc.gov/site/hra/help/burial-assistance.page

Telefòn

Rele nan **718-557-1399** si ou bezwen yon kopi aplikasyon an epi n ap voye ba ou nan lapòs oswa imèl yon aplikasyon. Si w bezwen èd pou ranpli aplikasyon sou entènèt la, rele nou.

Fas-a-Fas oswa nan kourye lapòs:

NYC HRA Office of Burial Services
33-28 Northern Blvd. - 3rd Floor
Long Island City, NY 11101.
Rele nan **718-557-1399** pou chèche konnen kilè biwo yo louvri.

Faks

Ou ka voye aplikasyon an nan faks bay **917-639-0476**

Dokiman sipò

Ou ka telechaje dokiman ou yo nan Pòtal Asistans Antèman HRA a. OBS pral aksepte yon foto oswa yon imaj eskane nan yon dokiman atravè imel, men li ka mande yon kopi papye si imaj la oswa foto a pa lizib. Anba la a se yon lis dokiman jeneral ki nesesè pou kòmanse trete aplikasyon alokasyon pou antèman an. OBS ka mande lòt dokiman pou detèmine kalifikasyon sou baz reyalite ak sikonstans chak ka.

- Yon Fòm Aplikasyon Alokasyon pou Antèman M-860W moun k ap aplike a oswa reprezantan otorize a ranpli epi siyen. Gade aplikasyon an pou plis detay.
- Yon kopi orijinal sètifye Sètifika Lanmò a (y ap retounen l bay moun k ap aplike a).
- Yon kopi Kontra Fineray la yo rele tou Deklarasyon Byen ak Sèvis Seleksyone yo. Direktè Ponp Finèb la ak moun ki te fè aranjman fineray yo dwe siyen kontra a.
- Yon kopi fakti simityè a oswa kremasyon an, ki detaye tout depans yo.
- Faktir antèman orijinal ak detay siyen pa Direktè Antèman an epi notarye nan prezans yon Notè Piblik. Fakti fineray la dwe gen so “Peye konplè” si tout chaj yo peye deja epi moun ki aplike a ap chèche ranbousman.
- Fòm Deklarasyon Sou Sèman Direktè Antèman an orijinal ranpli konplètman siyen pa Direktè Antèman an epi notarye nan prezans yon Notè Piblik, si gen lajan ki toujou dwe bay etablisman antèman an.

Pèman

Nan ka kote gen ranbousman pou bay yon moun, pou resevwa yon peman, w ap bezwen yon fòm idantifikasyon pou verifye non ak adrès moun k ap resevwa peman an nan men HRA. Yon W-9 ap obligatwa pou peman yon Zanmi Òganizasyonèl, yon ponp finèb oswa yon founisè sèvis fineray. OBS ka ede w mande enfòmasyon sou W-9 la.